STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 18 jiyè 2013

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE NOUYÒKÈ POU YO EKONOMIZE ENÈJI PANDAN VAG CHALÈ A

Demann Prèske Rekò pou Elektrisite alòske sa fè 4 Jou Konsekitif depi Prèske Tout Eta a ap Toufe Anba Chalè Tanperati 90 Degre - ak Plis

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Nouyòkè jodi a pou yo diminye itilizasyon inèji yo pandan vag chalè aktyèl la ki afekte prèske tout Eta a pou ede prevni blakawout. Vag chalè sa, ki pi long ak pi mal pou ete a, pwovoke demann prèske rekò pou elektrisite.

"Pandan vag chalè sa, se nòmal pou anpil Nouyòkè rete anndan kay epi limen èkondisyone," te deklare Gouvènè Cuomo. "Sepandan, sa pwovoke demann prèske rekò pou elektrisite, kidonk mwen mande Nouyòkè tanpri, nan kad prevansyon, ekonomize itilizasyon elektrisite lè sa posib pou diminye presyon sou rezo elektrisite a ak pou anpeche blakawout. Pandan n ap tann pou tanperati bese, Nouyòkè dwe pran bon jan mezi pou rafrechi yo epi rete ansante."

Vag chalè aktyèl la genyen yon enpak dirèk ak imedya sou itilizasyon elektrisite. Akòz tanperati elve pwolonje, espè yo prevwai demann pou elektrisite nan Eta New York pral atenn nivo rekò.

Pou ede diminye demann pou elektrisite, Gouvènè a mande konsomatè yo fè ekonomi. Blakawout yo pi ka rive lè fè cho, kote yo itilize sèvis piblik yo pi plis. Pou evite mete yon kontrent sou rezo kouran an, ekonomize enèji pou ede evite blakawout yo.

Pou ekonomize enèji:

> Mete tèmosta è-kondisyone ou sou 78 degre. Itilize è-kondisyone a lè ou lakay ou.
> Etenn aparèy ki pa esansyèl – itilize aparèy ki gen gwo chaj elektrisite bonè nan maten ouben ta aswè sèlman.

Nouyòkè ankouraje pou yo swiv konsèy sa yo pou yo rete ansante, epi pou pwoteje tèt yo ak lòt moun kont chalè a:

Ralanti sou aktivite ak egzèsis fatigan, sitou nan lè solèy la wo – 11 a.m. jiska 4 p.m.
Fè egzèsis bonè nan maten ant 4-7 a.m.
Manje mwens pwoteyin ak plis fri ak legim – pwoteyin pwodi epi ogmante chalè metabolik, sa ki ka fè w pèdi dlo. Manje ti kantite manje, men bwè pi souvan. Pa manje manje sale.
Bwè omwen 2-4 vè dlo chak inèdtan lè gen gwo chalè, menmsi ou pa santi ou swaf. Pa bwè bwason ki gen alkòl oswa kafeyin.
Si posib, pa rete nan solèy la, rete nan è-kondisyone. Solèy la chofe nwayo andedan kò ou, sa ki ka lakòz ou dezidrate. Si pa gen è-kondisyone, rete nan etaj pi ba, lwen solèy, ouben ale nan yon bilding piblik ki gen èkondisyone.
Si ou blije ale deyò, mete filtè solèy ki gen yon faktè pwoteksyon kont solèy elve (ki klase omwen 15 SPF) ak yon chapo pou pwoteje figi ak tèt ou. Lè ou deyò, mete rad ki laj, ki lejè epi ki gen koulè pal. Kouvri po ou otan ou kapab pou evite kout-solèy ak efè chofaj avanse solèy la sou kò ou.
Pa kite timoun, bèt domestik ou ben sila yo ki mande swen espesyal nan yon machin ki pake ouben pandan peryòd gwo chalè sezon ete – tanperati anndan yon machin fèmen ka depase 140 degre Fahrenheit rapidman. Lè w rete espoze nan tanperati ki wo ou ka mouri nan kèk minit sèlman.
Fè yon efò pou tyeke vwazen, sitou si yo granmoun, gen jèn timoun ouben gen bezwen espesyal.
Asire w gen ase dlo ak manje pou bèt epi limite aktivite yo.

Moun Ki Dwe Byen Enfòme

Se vye granmoun ak timoun piti ki pi afekte.
Moun ki soufri pwoblèm pwa ouben alkòl gen anpil chans pou fè reyaksyon nan chalè.
Moun ki sou sèten medikaman.

Danje Pou Sante Nan Peryòd Chalè

Kout-Chalè: Ki rele kout-solèy tou, kapab menase lavi moun. Tanperati kò a kapab ogmante epi lakòz domaj nan sèvo; ka gen lanmò si moun nan pa refwadi byen vit. Kèk nan siyal yo se po ki cho, wouj ak sèk; chanjman nan konsyans; batman kè rapid, ak respirasyon kout. Ou ka bese tanperati kò ou ak yon beny ak dlo frèt ouben eponj
Gwo Fatig Chalè: Mwen danjere pase kout-chalè, gwo fatig chalè rive sitou lè moun fè egzèsis twò egzijan ouben travay nan yon kote ki cho, imid, sa ki lakòz y ap pèdi dlo nan kò yo. Kèk nan siyal yo se po frèt, imid pal oswa wouj; swe anpil; maltèt; kèplen oswa vomisman; vètij ak gwo fatig. Si viktim nan gen sentòm, retire li nan solèy la, epi pase twal frèt ki mouye sou kò li.
Kout-Solèy: Kout-solèy ralanti kapasite po a pou l refwadi poukont li. Kèk nan siyal yo se po kò wouj ak doulè; nan pifò ka yo, po moun nan kapab vin anfle, moun nan kapab gen zanpoul, lafyèv ak maltèt. Pomad kapab yon soulajman pou doulè nan pifò ka yo. Ou ta dwe wè yon doktè nan ka ki grav yo.
Lakranp Chalè: Doulè ak kranp miskilè moun genyen akòz egzèsis egzijan. Pèt dlo ak sèl nan transpirasyon lakòz lakranp. Siyal yo se doulè nan miskilati abdomèn ak janm yo. Ou ka jwenn soulajman nan fè gwo presyon sou misk ki gen lakranp yo, oswa masaj dousman pou soulaje lakranp lan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite Konsèy sou Sekirite nan Chalè OEM lan (OEM's Heat Safety Tips) nan http://www.dhses.ny.gov/oem/safety-info/publicsafety/heataware.cfm.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Vil New York, san bliye sant refwadisman vil la, ale sou: http://www.nyc.gov/html/oem/html/hazards/heat.shtml.

Pou resevwa alèt meteyo dènye minit nan zòn ou, enskri pou resevwa yo gratis jodi a nan www.nyalert.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418